



Pou Piblikasyon Imedya: 02/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEMARAJ PWOJÈ REYABILITASYON PAVE POU
17.8 MILYON DOLA NAN I-87/I-287 NAN KONTE ROCKLAND**

***Pwojè a gen ladan reparasyon ak refè sifas nan seksyon otowout ki sibi anpil
vwayaj la***

Tout Travay dwe fèt lannwit lan pou limite enpak trafik

Yo pwograme pou pwojè a fini nan otòn 2022.

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a demaraj yon pwojè reyabilitasyon pave pou 17.8 milyon dola sou Thruway Eta New York (I-87/I-287) nan Konte Rockland. Travay la pral kouvri yon distans prèske trèz km soti nan Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge) a nan South Nyack rive jis odela pase sòti 14A (Spring Valley - Nanuet - NY Route 59) nan Ramapo.

"Rejyon sid Hudson Valley a se yon atè enpòtan pou komès ak chofè yo k ap vwayaje ale ak soti nan Vil Nouyòk ak odela", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman sa a pral ede asire yon vwayaj ki pi an sekirite, ki pi dous pou plizyè dizèn milye vwayajè Thruway yo k ap itilize seksyon sa a chak jou. Administrasyon mwen an konsantre sou kreye enfrastruktir nan tan kap vini an nan amelyore koneksyon vwayaj, restore wout esansyèl ak pon yo, ak rebati pi bon ak pi fò pase anvan."

Pwojè a gen ladann renouvle pave a lè li fè operasyon frezaj ak enkristasyon nan yon pwofondè de pous soti nan poto kilometrik 16.4 rive nan poto kilometrik 24 nan direksyon nò ak nan direksyon sid, ki gen ladan senk ranp entèseksyon soti nan South Nyack (sòti 10) rive nan Spring Valley (sòti 14). Travay anplis yo gen ladann trasaj liy ki pi vizib, nouvo amelyorasyon drenaj ak siyalizasyon. Crisdel Group, Inc. se kontraktè pwojè a apre yon pwosesis òf konpetitif.

Tout travay la pral fèt lannwit lan pou limite enpak sou trafik epi yo prevwa l ap fini nan fen otòn 2022. Chofè veyikil amotè yo gendwa jwenn gen liy ki fèmen sou Thruway lan ansanm ak chanjman nan mouvman sikilasyon an ak andwa kote machin yo dwe ret kanpe pandan travo konstriksyon yo ap fèt. Tout travay la depann de si ap fè bontan epi kapab gen chanjman. Yo ankouraje chofè veyikil yo pou yo rete veyatif epi respekte limit vitès ki afiche nan zòn travo yo epi y ap raple yo ke amann yo double pou vitès nan

yon zòn travay. Konfòmman ak Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay (Work Zone Safety Act) yo, kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans yon moun.

Direktè Egzekitif Otorite Thruway a, Matthew J. Driscoll te deklare, "Koidò I-87/287 la se youn nan seksyon Thruway ki pi vwayaje epi amelyore pave a jwe yon wòl enpòtan nan asire vwayaj ki an san danje epi pou sipòte komès. Pwojè otowout sa a fè pati angajman kontinyèl Otorite Twotwa (Thruway Authority) pou amelyore eksperyans kondwi pou tout moun ki itilize wout nou yo."

Senatè Eta a, Elijah Reichlin-Melnick, te deklare "Amelyorasyon sekirite ak enfrastrikti pral fè yon diferans sou tronsman wout sa a soti nan bò Rockland nan nouvo Pon Mario M. Cuomo a rive nan Sòti 14 sou fwontyè Nanuet/Spring Valley a. Mwen rekonesan anvè Otorite Twotwa paske li priyoreze investisman nan koridò trè chaje sa a ki te wè volim trafik ogmante chak ane."

Manm asanble a, Mike Lawler, te deklare, "Mwen kontan wè ke Gouvènè a ak Otorite Twotwa te chwazi twonson Thruway sa a - youn nan wout ki gen pi gwo sikilasyon yo - nan Konte Rockland kòm yon priyorete pou repavaj. Nivo investisman sa a enpòtan anpil pou rezidan ak vwayajè nou yo, espesyalman pou moun ki konte sou Thruway la chak jou pou ale ak pou soti nan travay. Kòm mwen te di anpil fwa, kontribiyab Konte Rockland yo merite plis nan sa ki gen pou wè ak èd eta pou enfrastrikti ak transpò, epi mwen kontan paske nou ka bay resous ki nesèsè yo pou konplete pwojè sa a. Mwen pa ka tann pou mwen kontinye travay ak patnè mwen yo nan nivo eta ak lokal pou bay resous ki nesèsè pou amelyore wout nou yo isit la nan Konte Rockland."

Manm Asanble Ken Zebrowski, te deklare, "Pandan plizyè ane, mwen te defann pi gwo finansman pou modènize enfrastrikti ki aje nou yo ak amelyore kondisyon wout nou yo. Mwen kontan wè efò amelyorasyon sa yo ap fèt atravè Konte Rockland. Pwojè sa a gen yon enpòtans kapital, paske plizyè dizèn milye abitan Rockland itilize twonson Thruway sa a chak jou pou ale yon kote an yon lòt. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Otorite Twotwa pou travay kontinyèl yo pou pote plis finansman nan pwojè enfrastrikti kapital yo epi pa ka tann pou mwen wè amelyorasyon wout sa yo pran fòm pandan mwa kap vini yo."

Egzekitif Konte Rockland Ian, Ed Day, te deklare, "Sa a se yon wout ak koridò ki gen anpil moun ki vwayaje ladan epi mwen gen konfyans ke investisman Eta New York sa a pral ranfòse anviwònman ekonomik akeyan k ap grandi solid la nan Konte Rockland. Administrasyon mwen an remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou sipò li epi n ap tann plis amelyorasyon nan otowout nou yo paske jan nou konnen, gen anpil bagay ki bezwen fèt pou vwayajè Rockland yo k ap vwayaje ale ak soti nan Konte nou an."

Yo ankouraje otomobilis yo vizite thruway.ny.gov pou mizajou sou sikilasyon an tan reyèl epi telechaje [aplikasyon mobil gratis](#) Otorite Twotwa a epi enskri pou [TRANSalerts](#) pou enfòmasyon sikilasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)